



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ REYABILITASYON CHOSE AK RANFÒSMAN SEKIRITE 45 MILYON DOLA A NAN KONTE CHAUTAUQUA

Pwojè a genyen ladan I reyabilitasyon chose ak reparasyon pasyèl ak reparasyon konplè a jiska 56 kilomèt nan Sistèm Thruway la ak amelyorasyon degajman vètikal pou pon nan 16 lokalite pou anpeche enpak sou pon yo alavni

Yo pwograme pou pwojè a fini nan fen 2025

Yon pati nan 420.1 milyon dola envestisman sou Thruway Eta NY nan Rejyon Lwès New York sou sen pwochèn lane yo

Gouvènè Kathy Hochul te naonse kòmansman pwojè revitalizasyon chose 45 milyon dola sou Thruway (I-90) Eta New York la nan Konte Chautauqua. Travay la ap kouvrí apeprè 56 kilomèt ant sòti 59 (Dunkirk - Fredonia - NY Route 60) ak sòti 60 (Westfield - Mayville - NY Route 394). Plis pase 7.8 milyon machin vwayaje sou twonson Thruway sa chak ane, ki sèvi kòm yon pasrèl vè Lwès New York ak Southern Tier.

“Eta New York kontinye envesti nan rekonstriksyon ak amelyorasyon enfastrikti nou, k ap asire ke wout nou yo, pon, ak sistèm transpò piblik nou an sekirize, fyab, epi efikas pou tout rezidan ak vizitè,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Pwojè sa se youn nan anpil ke Otorite Thruway la ap fè ki vize pou amelyore lavi Nouyòkè yo chak jou pandan I ap konekte komès esansyèl ak vwayajè yo ak vil prensipal, zòn riral, ak destinasyon touristik yo nan tout Nodès la.”

Pwojè a genyen ladan I reparasyon pasyèl ak reparasyon konplè pou retire epi ranplase pòsyon ki deteryore nan wout la soti bòn kilometrik 467.0 rive nan 485.5 nan direksyon lwès ak bòn kilometrik 483.0 rive nan 467.0 nan direksyon lès k ap ogmante entegrite estrikti wout la nan fason ki amelyore pou moun kondui alontèm. Pwojè a prezante tou yon novo asfalt sou sifas pou kondui a, k ap ranplase de kouch chose ki egziste yo a yon pwofondè kat pouz pou pòsyon sa nan Thruway la ki bay yon total apeprè 69 liy kilomèt. Ekip yo ap refè sifas ranp echanjè a nan sòti 59 ak sòti 60 ak tout demi tou yo.

Anplis, y ap fè amelyorasyon degajman vètikal yo ap nan 16 kote pou anpeche pon yo afekte. Nan mwa Avril, ekip yo te repare yon pòsyon ki te gravman domaje nan pas

Wout Nò ki sou Thruway la nan bòn kilometrik 473.78 ki te gen omwen twa kou ki fèt pa kamyon ki pase lannwit yo depi kòmansman ane a.

Lòt amelyorasyon sekirite yo genyen ladan yo "[Vidanj twa egou](#)" makaj chose, ki rann li pi vizib nan tout ekleraj ak kondisyon meteyo, novo gid, pwoteksyon kè ak makè ki delimite.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway Ia, Frank G. Hoare, te deklare, "Pwojè sa se yon lòt egzanp angajman Otorite Thruway pou re-envesti lajan peyaj nan rekonstriksyon ak modènizasyon sistèm Thruway ki gen 70 lane a. Envestisman an ap mennen nan yon vwayaj ki pi fasil epi ranfòse sekirite pou plizyè milyon chofè k ap vwayaje nan rejon sa chak ane."

Senatè Eta George M. Borrello te deklare, "Sa se nouvèl ki pasyonan ke gen amelyorasyon ki pwolonje ki fikse pou kòmanse nan pòsyon Thruway ant sòti 59 ak sòti 60. Gen yon izaj ak deteryorasyon ki evidan sou seksyon wout sa ki afekte eksperyans konduit ak sekirite apeprè 8 milyon machin ki vwayaje sou pòsyon sa nan Thruway la chak ane. 45 milyon dola nan finansman ki konsakre nan pwojè a se yon envestisman nan enfastrichti ki nesesè k ap abouti sou yon pi bon Thruway ki pi sekirize k ap konplete lòt amelyorasyon kle k ap fèt nan rejon nou an. Anpil remèsiman ale bay Gouvènè Hochul pou sipò kontini li nan sektè transpò nou an nan Lwès New York."

Manm Asanble Andy Goodell te deklare, "Nou apresye anpil, anons Gouvènè Hochul sou finansman sa. Mizajou nan Thruway Eta NY nan Konte Chautauqua esansyèl pou kalite lavi ak sekirite pa sèlman pou rezidan nou yo men pou chak moun ki vwayaje nan bèl konte nou an. Delè a ideyal pandan n ap avanse nan sezón vwayaj ete a."

Kad Egzekitif Konte Chautauqua Paul M. Wendel Jr. te deklare, "Pwojè revitalizasyon chose 45 milyon dola sa nan Thruway Eta New York, se yon etap enpòtan vè amelyorasyon eksperyans vwayaj pou rezidan konte nou yo ansanm ak plis pase 7.8 milyon veyikil ki pase sou wout sa chak ane. Lòt amelyorasyon sekirite yo genyen ladan yo novo pavman ansanm ak amelyorasyon sekirite enpòtan ki enkli "Vidanj twa egou" makaj chose, ki rann li pi vizib nan tout ekleraj ak kondisyon meteyo. Modènizasyon sa yo, ansanm ak novo gid ak makè sekirite yo, souliyen yon devouman nan sekirite ak ekselans enfastrichti. Sa se yon etap enpòtan pou yon Konte Chautauqua ki pi sekirize epi ki pi efikas. Sipò Gouvènè Hochul te aktif pou fè pwojè sa pote fui, epi nou konfyan ke amelyorasyon sa yo ap sèvi kominote nou an alavni."

Oakgrove Construction, Inc. nan Elma, NY se kontraktè pwojè apre yon pwosesis apèl dòf sou konpetisyon. Pwojè a sipoze fini anvan finisman ane 2025 a.

Aktyèlman, gen plis pase 126.1 milyon dola nan pwojè amelyorasyon kapital ki ankou nan Divizyon Mèntnans Buffalo nan Otorite Thruway soti I-90 nan Konte Ontario rive nan fwontyè Pennsylvania a, ansanm ak Thruway (I-190) Niagara soti nan liy prensipal Thruway mainline rive nan Chit Niagara. Sou ane k ap vini yo, Pwogram Kapital Otorite Thruway la pwojte envesti plis pase 420.1 milyon dola nan Rejon Lwès New York.

Chofè veyikil amotè yo ta dwe rete veyatif epi respekte limit vitès ki afiche nan zòn travo yo. Yo double amann pou vitès nan yon zòn travay.

Pou plis amelyore sekirite travayè yo nan yon zòn travay, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki etabli pwogram pilòt Otomatik pou Kontwòl Vitès Zòn Travay la. Pwogram ranfòsman sekirite a te kòmanse an avril 2023 epi li ap an vigè nan plizyè zòn konstriksyon aktif sou Thruway la. Zòn travay ki gen aplikasyon kamera vitès ap genyen siyalizasyon klè k ap abouti sou sa epi chofè ki vyolè limit vitès ki afiche nan zòn travay la ap lakoz yon amann. Ou ka jwenn plis enfòmasyo sou pwogram nan [isit la](#).

Pou enfòmasyon sou deplasman ki ajou, nou ankouraje chofè yo telechaje [aplikasyon mobil](#) Otorite Thruway la disponib gratis sou iPhone ak aparèy Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Vwayajè yo ka vizite tou [Kat Vwayajè](#) entèraktif Otorite Thruway la pou mizajou sou sikilasyon nan tan reyèl epi enskri sou [TRANSalerts](#) pou enfòmasyon sou sikilasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)